Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 43 (7339)
18 октябрь 2018 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Иргадулаб данделъи



Араб анкьалда районалъул администрациялда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана аппараталъулаб совещание. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул замал, отделазул начальникал, массовияб информациялъул хIалтIухъаби.

Данделъи байбихьана ХI. НурмухIамадовасул Америкаялда рукIарал ММАялъул жура-гъурарал къеркьеязул къецазда ккарал хIасилаздасан: «ХIабиб вуго гьайбатав спортсмен, къвакIараб хасияталъул инсан, гьесие щвана UFCалъул чемпионасул титул. Дагъистанги Россияги чIухIула гьесдаса»,-ян абуна бетIерас.

Хадур гьоркьор лъуна арал данделъабазда бетIерас кьурал тIадкъаял тIуран ругеб куцалъул суалал. Гьениб ГI. НурмухIамадовас гIахьаллъаразул пикру бусинабуна нухмалъулез муниципалиял хъулухъчагIазул деклорациял жиндир заманалда кьезе кколин, чIван къотIун рихьизаризе кколин расходал-доходал, буголъиялъул, - абун. Гьеб ишалда хурхун цIидасанги тIадкъаял кьуна жавабиязе.

Финансазул бугеб хIалалъул, ракьал тIад хъваялъул, налогал рачIинариялъул бицун кIалъана бетIерасул зам. С. АрулмухIамадов. Гьес бихьизабухъе харжал кьеялда хурхун налъаби гьечIо. Гьединго бюджеталда хурхун цогидалги тIадеросиял тIуразарун руго.

Гьенибго ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна формалияб гуреб гIадамал хIалтIудалъун хьезариялда хурхунги гIезегIанго хIалтIаби гьарунин. - Амма жеги квер тIаса босун гьеб тезе бегьуларо. Гьелде ва капиталиял рален бакIазул налогал ракIариялдеги кIвар буссинабуна.

Экономикаялъул отделалъул нач. М. ГIадуевас бицана НД ФЛ тIубан бугин 113,8%, ракьазул налог – 41%, неформалияб занятосталъул – 83 %.

Хадув кIалъана лъай кьеялъул отделалъул нач. Л. МухIамадгIалиев. «ГьабсагIаталда лъай кьеялъул учреждениязда унел руго хасалиде хIадурлъи. Хинлъи чIезабиялъе лимит щвезабун буго щибаб организациялъул нухмалъулесухъе, гьелъул заказчиказулгун къотIи-кьаял хъван руго. Жакъа къоялде гьарун руго I2 олимпиада, гьенир гIахьаллъана 2182 цIалдохъан».

Бугеб хIалалъе къимат кьолаго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна киналго лъай кьеялъул бакIазда медкабинетал ва хинал туалетал чIезарунин.

КIалъазе вахърарав «ЖКХ» МКУялъул специалист ХI-М. ГIабдурахIмановас тIадчIей гьабуна ХьахIабросулъ, Балахьуни школазул минаби халат бахъараб заманаялъ ран лъугIичIого ругин. Гьелде кIвар буссинабизе ккелин.

Росдал магIишаталъул отделалъул хIалтIул бицана М. МуртазагIалиевас. Гьес абуна районалда бугин 10 МУП, гьезул лъабгояб гIи-боцIул. КьотIаби хъваялъе гьезул нухмалъулел данде ахIе,-ян лъазабуна ГI. НурмухIамадовас. Гьединго бихьизабуна КРСалда ва МРСалда биркаби рай хехлъизабизе кколин.

Ахиралда бетIерас лъазабуна киналго бутIабазда хIалтIаби кодохъ росизе ккелин.

Терроризм

## Цифровияб дунялалда - информациялъул хIалтIи



РДялъул информациялъул, бухьеналъул ва массовияб коммуникациялъул министерствоялъ Россиялъул миллияб терроризмалде данде чIараб Комиссиялъгун цадахъ «цифровияб дунялалда экстремизмалде ва терроризмалде данде чIей» - абураб темаялда V халкъазда гьокьосеб гIелмиябгун практикияб конференция тIобитIана 4-5 октябралда Тюбе поселокалда Сары-кум бизнес- отелялда. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана Дагъистаналъул бетIер В. Васильев.

Конференциялъул аслияб масъала букIана информационнияб ишалъулъ терроризмалъулгун экстремизмалъул идеологиялде данде рагъ гьабиялъе халкъазда гьоркьосеб ва нилъергояб хIалбихьи лъазаби. Конференциялде ахIаразда гьоркьор рукIана СНГялъул ва къватIисел хIукуматазулги информациониял компаниял. Гьенир гIахIаллъана Ливаналдаса, Пакистаналдаса, Сербиялдаса экспертал – практикалги.

Пленарнияб заседание рагьана РДялъул правительствоялъул председателясул зам Р. Жафаровас. Гьес бицана конференциялде гIахьаллъизе рачIарал гьалбадерил хIакъалъулъ, гьарана конференциялъул хIалтIуе пайдаяб сагIат.

Саламалъул рагIаби абун конференциялда кIалъазе вахъана В. Васильев. Гьес абуна: «Жакъасеб пачалихъалъул миллияб хIинкъи гьечIолъиялъул кIвар бугеб рахълъун ккола терроризмалде данде къеркьеялъул ишалда информационнияб хIалтIудаса хайираб куцалда пайда боси. Жакъа терроризм буго гIадамазде ва гIаданлъиялде данде бахъараб. Гьел гIемер гьумер бугеб хамелеоналгIадин рахчулел руго миллиял, диниял ва цогидалги факторазда нахъа. Гьединлъидал терроризмалъул кьалбал кьолболъанго рахьизе захIмат буго.» - абун.

Жакъасел ресазул, цIиял технологиялдасан пайда босиялъул суалазда тIадчIей гьабулаго гьес бихьизабуна; гIолилаз гьабсагIаталда информация босулеб бугин социалиял сетаздаса ва интернет-пространствоялдаса, гьединлъидал хIалбихьи бугел вербовщиказда, провокаторазда ва жалго жудецаго чIвазе технология ургъаразда цеве гIолилав живго жиндаго хутIулев вугин. Гьеб гIилаялъе гIоло Дагъистаналъул бетIерас ахIана бищунго кIвар бугел рахъал хIалтIизаризе; ратизе заманаялъ цере лъурал суалал тIуразариялъе бищунго гIакъилал жавабал ва нухал.



Конференциялда гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул бетIерасул зам. М. ХIамзатовасги.

Ахиралда Терроризмалде данде чIеялъул Къоялъул хIурматалда республикаялъул школазда тIоритIарал конкурсазда бергьаразе кьуна РДялъул информациялъул министерствоялъул «За высокий результат и за лучщую работу по противодействию идеологию терроризма» на тему «Не уходи!», абураб ахIиялъул ХIурматиял Грамматаби. Гьединаб грамота щвана Унсоколо №1 школалъул 8 классалъул цIалдохъан ГIабдулаева Наида Шамиловналъеги.

Грамотаби кьуна РДялъул бетIер В. Васильевас ва лъай кьеялъулгун гIелмуялъул министр У. ГIумариевналъ. РакI-ракIалъ баркула Н. ГIалиевалда шапакъат.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 43 (7339)*

*18 октябрь 2018 сон*

2 гьумер

Гьал къоязда А. Здуновас данделъи тIобитIана МахIачхъалаялда В.И.Ленинил площадалда капиталияб ремонт гьабиялда хурхун. Гьес бихьизабуна республикаялъул хаслъабиги кьочIое росун, гьелъул орнаментазда рекъон къачIазе кколин площадь. Архитектураялъул комитеталъул нухмалъулес бихьизабуна инвалидазе санагIалъаби гьариялъул, гьединго чIезе руго гъутIби, рагьизе руго рекIелгъеялъе бакIал.



Спорт

# I бакI – «Сахаб чорхолъ сахаб рухI» командаялъе

Араб щамат къоялъ Шамильхъалаялъул школалда букIана миллиял спорталъул видал хадурккунги машгъурлъи мурадалда, Россияги Дагъистанги цолъиялъул къоялъул ва азбаразул риидалил хIаял къаялде буссарал къецал. Гьел тIоритIиялъе мурадлъун букIана районалъул гIадамазул къуваталъул, гIамал хасияталъул ва рухIияб культура борхи, спортивиял гIадатал щула гьари, гIумро гьабиялъул сахаб къагIида тIибитIизаби. Гьедин бихьизабуна къецал рагьулаго «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас.

Къецазда гIахьаллъана 3 команда: школазул директоразул, росабазул бутIрузул, ва «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул. ТIоритIана миллиял къецал тIоритIиялъул хасал къагIидабазда рекъон. Программаялда рукIана эстафетнияб рекери, чIараб бакIалдаса рикIкIаде кIанцIи, гамачI рехи, гири рехи, чIалоялда отжим, турникалда цIай, квар цIай. ГамачI рехиялъе лъикIаб хIасил кколаан 16-06, гири – 7-33. ЧIалоялда лъикIаб



хIасил бихьизабуна районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас.

Бищунго интересаб букIана квар цIай. Гьелъул къецазда I-бакI ккуна росабазул бутIрузул командаялъ. II-III бакIал ккуразе кьуна дипломал. Киналго видазда I-бакI ккуна районалъул администрациялъул «Сахаб чорхолъ сахаб рухI» абураб командаялъ. II-бакI – росабазул бутIрузул командаялъ, III-бакI щвана школазул директоразул командаялъе.

ЛъикIал судьяби хIисабалда шапакъатал кьуна ХI. МухIамадгIалиевасе ва М. СагIабдулаевасе. Къецазда гIахьаллъаразе миллиял квеназул столал хIадурун рукIана



районалъул яслъиязул заведующияз. Ахиралда киналго гIахьалчIагIазе баркала загьир гьабуна районалъул бетIерас.

Молодежь - туризм

# Здесь развивается будущее нашего туризма



С 1995 года, на протяжении 20 лет Районную Станцию детско – юношеского туризма и экскурсий возглавлял почетный работник образования РД, Заслуженный наставник молодёжи РД, Отличник просвещения РД, Член-корреспондент Международной Академии туризма Ибрагимов Гаджи Гусейнович. Задачей, первоначально поставленной перед Станцией, была активизация туристско-краеведческой деятельности среди учащихся школ района. Функционирует организация по следующим направлениям: в основном как туризм, а также краеведение, экология, и музейное дело.

Под его руководством проводились первые районные слеты юных туристов, семинары, краеведческие олимпиады, были разработаны туристические маршруты Унцукульского района. При Станции работали кружки по туризму и краеведению. А в летние месяцы на базе Станции функционировал оздоровительный лагерь «Орлиная гора». Ибрагимов Г. Г. был новатором многих форм организации туристско – краеведческой деятельности среди учащихся. При станции под его руководством был создан краеведческий музей Боевой Славы.

Педагогический коллектив Станции составляет педагоги, имеющие соответствующую туристско-краеведческую подготовку и интерес к работе. Педагоги СДЮТЭ стремятся проводить с учащимися больше разнообразных и интересных мероприятий, начиная с экскурсий и походов.

Станция уделяет должное внимание охвату в туристско-краеведческие объединения, прежде всего трудных подростков, детей с девиантным поведением, детей- сирот. Вместе с тем занятия в объединениях по туризму и краеведению дают возможность детям подготовиться к действиям в экстремальных ситуациях (в случае пожара, землетрясений, терактов и т. д.) Также дети на занятиях изучают богатую историю района, жизнь и деятельность имамов Дагестана, видных общественных деятелей, Махача Дахадаева, Багаутдина Малачиханова, Магомедтагира Унцукульского и других. Жизнь и деятельность этих выдающихся людей является лучшим примером для детей. Одним из направлений деятельности СДЮТЭ является обучение детей творческой деятельности, что способствует привлечению детей к поисковой работе, к работе ТОКС. Так, учащиеся активно изучают боевой путь наших предков в годы Вов, организуют переписку с военными архивами.

Учащиеся занимаются поиском имён участников Афганских событий, локальных войн. С большим интересом дети собрали материал об участии унцукульцев в августовских событиях 1999 года, по итогам которого были оформлены стенды, альбомы, организованы встречи с участниками этих событий. Такие мероприятия, несомненно, способствуют патриотическому воспитанию учащихся, подготовке детей к защите Отечества.

Активное участие детей в экскурсиях и путешествиях, участие в работе ТОКС, изучение богатого исторического наследия родного края, подготовка детей к действиям в экстремальных ситуациях – все это вместе является важнейшими средствами воспитания, которые, благодаря своему разнообразию и универсальности, открывают широкие возможности для практической подготовки подрастающего поколения к большой самостоятельной жизни .

Большое значение на Унцукульской СДЮТЭ уделяется проведению среди учащихся массовых мероприятий по туризму и краеведению, а также проведению экскурсий и походов с детьми.

Педагоги СДЮТЭ вместе с учащимися, членами туристско-краеведческих объединений совершили десятки экскурсий и походов по историческим местам района.

Ежемесячно проводятся соревнования по различным видам туризма: ориентирование на местности, топографическая карта, туристская техника, КТМ.

Следующим важным направлением в работе СДЮТЭ является экология, охрана природы. Главной задачей экологического воспи-

**Продолжение на 4 стр.**

## Документы

# Республика Дагестан Унцукульский район
# Собрание депутатов муниципального района

368950 Республика Дагестан Унцукульский район пгт. Шамилькала, ул.М.Дахадаева 3, тел. 55-62-87

от 27 сентября 2018 года №70

## РЕШЕНИЕ

### О заключении Соглашений о передаче контрольно-счетному органу муниципального образования «Унцукульский район» полномочий контрольно-счетных органов сельских и городского поселений, входящих в состав муниципального района «Унцукульский район»

Рассмотрев решения Собраний депутатов сельских и городского поселений, входящих в состав МР « Унцукульский район » от 19 сентября 2018 года о передаче контрольно-счётному органу муниципального образования «Унцукульский район» Республики Дагестан полномочий контрольно-счётных органов сельских и городского поселений, Собрание депутатов муниципального района

**РЕШАЕТ:**

1. Заключить Соглашения с Собраниями депутатов сельских и городского поселений , входящих в состав муниципального района «Унцукульский район» о передаче полномочий контрольно-счетных органов сельских и городского поселений контрольно-счетному органу муниципального образования «Унцукульский район» Республики Дагестан (решения сельских Собраний и соглашения прилагаются).
2. Настоящее решение вступает в силу с момента опубликования.

**Председатель Собрания**
**К.Асадулаев**

## РЕШЕНИЕ

### О внесении изменений в решение «О бюджете МО «Унцукульский район» Республики Дагестан на 2018 год и плановый период 2019-2020 гг.» от21 июня 2018 года №64

Принято Собранием депутатов

муниципального района от «27» сентября 2018 г. № 71

В соответствии с Законом Республики Дагестан «О республиканском бюджете Республики Дагестан на 2018 год», с изменениями внесенными Законом РД от 12 июля 2018 года №38, Положением о бюджетном процессе в МО «Унцукульский район», рассмотрев и обсудив представленный проект бюджета МО «Унцукульский район» на 2018 год

Собрание депутатов муниципального района **РЕШАЕТ:**

Внести изменения и изложить в следующей редакции:

**Статья 1. Основные характеристики районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2018 г.**

1. Утвердить основные характеристики районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2018 г.:

1) прогнозируемый общий объем доходов районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2018 год в сумме 720310,158 тыс. руб., в том числе общий объем межбюджетных трансфертов, получаемых из республиканского бюджета, в сумме 642865,658 тыс. руб., в том числе: субвенция из регионального фонда компенсаций на исполнение полномочий по расчету и распределению дотации поселениям, входящим в состав муниципального района – 50532,0 тыс. руб.;

2) общий объем расходов районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2018 год в сумме 727720,833 тыс. руб.;

3) верхний предел муниципального долга МО «Унцукульский район» на 01 января 2018 года в сумме 0 руб., в том числе муниципальные гарантии МО «Унцукульский район» 0 рублей;

4) предельный объем расходов на обслуживание муниципального долга на 2018 год – 0 тыс. рублей;

5) дефицит районного бюджета МО «Унцукульский район» - 7410,675 тыс. рублей.

**Статья 4. Бюджетные ассигнования из районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2018 год.**

1. Утвердить общий объем бюджетных ассигнований на исполнение публичных нормативных обязательств на 2018 год – 7896,4 тыс.рублей.
2. Утвердить распределение бюджетных ассигнований по получателям, разделам, подразделам, целевым статьям и видам расходов, на 2018 год согласно приложению №5 к настоящему Решению.
3. Утвердить в пределах общего объема расходов, установленного статьей 1 настоящего Решения, распределение бюджетных ассигнований по разделам и подразделам, целевым статьям и видам расходов классификации расходов бюджета на 2018 г. согласно приложению № 6 к настоящему Решению.
4. Утвердить распределение бюджетных ассигнований по получателям на 2018 год согласно приложению №12 и 14 к настоящему Решению.
5. Субсидии юридическим лицам, предусмотренные настоящим Решением, предоставляются в порядке, установленным администрацией МО «Унцукульский район».

Утвердить изменения, произведенные в бюджете согласно приложениям №1,3,5,6,7,8,12,14 к настоящему решению, в том числе:

1. Средства межбюджетных трансфертов из республиканского бюджета, поступившие дополнительно к утвержденному бюджету в общей сумме 431,223 тысяч рублей, в том числе:

1.1. Средства субвенции, поступившие дополнительно к утвержденному бюджету в соответствии с целевой направленностью направить Администрации МО «Унцукульский район» на прочие работы и услуги (зарплата по договорам) отдела государственной регистрации актов гражданского состояния в сумме 86,123 тысяч рублей.

Собрание депутатов муниципального района **РЕШАЕТ:**

Внести изменения и изложить в следующей редакции:

1.2. Средства субвенции, поступившие дополнительно к утвержденному бюджету в соответствии с целевой направленностью на осуществление первичного воинского учета в связи с увеличением минимального размера оплаты труда направить на сельским поселениям в общей сумме 345,1 тыс. рублей, в том числе:

- МО «село Ашильта» - 20,2 тыс.рублей,
- МО «село Гимры» - 39,4 тыс.рублей,
- МО «село Ирганай» - 39,4 тыс.рублей,
- МО «село Харачи» - 20,1 тыс.рублей,
- МО «село Цатаних» - 22,8 тыс.рублей,
- МО «сельсовет Араканский» - 39,4 тыс.рублей,
- МО «сельсовет Балаханский» - 39,4 тыс.рублей,
- МО «сельсовет Иштибуринский» - 22,8 тыс. рублей,
- МО «сельсовет Кахабросинский» - 22,8 тыс.рублей,
- МО «сельсовет Майданский – 39,4 тыс.рублей,
- МО «сельсовет Унцукульский» - 39,4 тыс.рублей

2. В соответствии с уведомлением Министерства образования и науки РД уменьшить план по доходам и расходам средств субвенции на единовременные выплаты при устройстве детей в семью опекуна на сумму 13,911 тыс.рублей, а именно, Администрации МО «Унцукульский район».

**Статья 7. Межбюджетные трансферты бюджету района и бюджетам муниципальных образований (поселений) МО «Унцукульский район».**

1. Утвердить распределение межбюджетных трансфертов, получаемых бюджетом МО «Унцукульский район» из республиканского бюджета на 2018 г. согласно приложению №3 к настоящему Решению.
2. Утвердить распределение межбюджетных трансфертов бюджетам муниципальных образований (поселений) МО «Унцукульский район» на 2018 г. согласно приложению № 7 к настоящему Решению.

**Статья 11. Вступление в силу настоящего Решения.**

Настоящее Решение вступает в силу с момента опубликования.

**Глава муниципального района**
**И.Нурмагомедов**

**Нужеда рагIун букIанищ?**

# *РуцIун чIеялъул къуват*

**(НекIо заманаялъ бокьарав чияс тIаде босизе бегьулаан руцIун чIеялъул назро (обет). Жакъа парапсихологаз ва психотерапевтаз рагьана гьелъул балъголъи)**

Нилъеда лъала «РагIи аби гIарац, руцIун чIей месед»-абураб халкъияб аби. ГIемерисезда гьеб бичIчIула гIадамал жал гIемер къватIире рорчIичIого, жинди-жиндир балъголъи къватIиб чIвазабичIого рукIине руцIун чIезе кколеб гIакълулъун. ХIакъикъаталда абуни абиялъ кьолеб буго сах гьариялъул рекомендация, ай рухIияб сахлъи рукIалиде ккезабиялда хурхараб.

Нилъер заманалде щвезегIанго цебе VI гIасруялда греказул цIар арав гIакълучи Пифагорил школалда цIализе лъугьине ва философлъун вахъине ккани чиясдасан тIалаб гьабулаан щуго соналъ цо рагIиги абичIого руцIун чIезе. Кинавго чиясда гуро гьединаб назро хIехьезе кIолеб букIараб. Амма школалде цIализе лъугьунезул кIудияб ирга букIунаан. Мунагьазе (дуниял рехун тарасе) обет кьураб мехалъ, гьел унаан рохьазде, авлахъазде, рорхатал мугIрузде ва лъагIелаз руцIун чIолаан. Гьединаб тIаса бищараб живго хутIиялъ рухIалъе кьолаан хIалхьи, сахлъи, гармония.

Гьебги хIисабалде босун Москвалъул психолог Г. Тимошенкоца хIалбихьи гьабун чIезабуна жигараб руцIун чIеялъ рекIел, астмаялъул, язваялъул киналго унтабазе, гриппалъецин кумек гьабулеб букIин.

ХIакъикъаталдаги бокьараб унти психикаялъул бутIаялда бараб батана. Гьедин чIезабуна бищунго цебе нилъерго рухIияб хIал рукIалиде ккезабизе кколеб букIин. ЧIванкъотIун кин гьабилеб? Сундасаго лъикIаб буго щив вугониги кIалъазе, газета цIализе, радиоялъухъ гIенеккизе рес гьечIеб бакIалде ин. Гьединал шартIазда чияс жинцаго живго тIамула жиндирго рухIалъул ва тIабигIаталъул пикрабазда вукIине. Гьедин гьабулаго тIадаб буго гIицIго лъикIалъул гурони пикро гьабунгутIизе. Лъабго къоялъ яги анкьалъ гьедин гьабуниги гIаммаб сахлъиялъе кIудияб пайда кколеб буго. МоцIалъ гьабуни чорхол киналго захIмалъаби ритIа-ришулел руго.



Байбихьулал къоязда чиясул ботIролъ рукIуна ахирисел лъугьа-бахъинал, ккараб-тараб, амма организм хIалхьиялда букIуна. БачIуна цо щиб бугониги рагьун абизе бокьараб хIалги. Хадуб абуни черх уна хIакъикъияб хIалхьиялде, рохалиде, гъира-цIа бачIун лъугьуна. Гьеб ккола жанисан рацIалъиялде ин. Гьединаб жигараб руцIун чIеялъ лъугьинабула гIагарал гIадамал ракIалде щвей, рагIи абичIого цоцада ричIчIи. ХIаракатаб руцIунчIей киназего пайдаяб буго.

**Парапсихолог-С.Н.ФЕДЕРЦОВ.**

# Здесь развивается будущее нашего туризма

тания учащихся является научить подрастающее поколение бережному отношению к природе, охране птиц и других животных дикой природы.

В рамках экологического воспитания учащихся проводятся мероприятия, как «День воды», «День посадки деревьев», «День птиц» и др.

В работе СДЮТЭ придается большое значение созданию и функционированию школьных музеев.

Ежегодно педагоги и учащиеся СДЮТЭ принимают самое активное участие на республиканских краеведческих олимпиадах, конкурсах и викторинах.

На СДЮТЭ было подготовлено 6 победителей Всероссийских олимпиад и более 30 учащихся победителей республиканских краеведческих олимпиад и конкурсов.

Педагоги станции стремятся, чтобы на занятиях по туризму и краеведению ребенок познал мир вокруг, ощутил природу, её проблемы, а именно: массовая вырубка лессов, загрязнение русл реки, заброшенные уникальные террасные сады. Вместе с тем занятия в объединениях по туризму и краеведению дают возможность детям подготовиться к действиям в экстремальных ситуациях. Все эти годы, все эти дни были наполнены творчеством всего коллектива и детей, которых мы воспитываем, и наших дорогих родителей, и всех тех, кому не безразлично детство, судьбы наших детей.

Коллектив Унцукульской СДЮТЭ и дальше будет стремиться успешно решать возложенные на него задачи патриотического воспитания учащихся, развития туристско – краеведческого движения среди учащихся школ района, экологии и охраны природы, приручение учащихся к общественному полезному труду и воспитания их на лучших традициях и обычаях народов Дагестана


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**



**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**



Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 17. 10. 18 г. 16. 30
фактически -16. 45 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.